

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.
di Tjandioer
Bestuur Pasoendan
Tjandioer.
Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Soekapoera drjkkertj Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamia.
Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

| | | | | |
|----------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p>LANGGANAN. 3 sasih f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.</p> | <p>Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.</p> | <p>Redakteur: SURTISNA SENDAJA ATMAWINATA Redakteur di Batawi SOERADIRADJA.</p> | <p>Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja</p> | <p>Pangas ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,50 } 1/32 " f 1,50 } Sakali mozat Langganan langkoeng mirah.</p> |
|----------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

Desaraad.

Di Volksraad nja toean Engelenberg, nja Dirg. Wiranatakoesoemah pada njoehoenukeun ka pamarentah soepaja gentjang diajangan desaraad. Oepama oerang ngajalankoun hidji atoran noe anjar, meureun maksoedna teh lain hajang balik deui ka roekang, hajang moendoer, tapi koedoe noe matak ngoenggaheun daramatna boh kasenanganana noe leutik. Tjindekna noe noengtoen kana kamadjoean.

Samemeh ngajakeun, tangtue koedoe ditimbang heula oentoeng roegina. Koe panjeta koering waktue ieu, asa teu aja geusanna kana roegi, tina teu koerang piroegieunana. Njoehoeun pisan oepama aja parakantja noe bisa ngageuing hal ieu ka koering. Babakoena salah sahiji maksoed koering noelis ieu perkara, njaeta soepaja kadang-kadang kabeh oelah tjartijungeun teuing. Da ieu perkara teh keur sarerea, wadit dipikiran koe sarerea, ambeh katimbang hade gorengna. Atoeh moen bakal hade oerang peuta ka noe ti pajoen, goreng oerang tolak masing dibere oge.

Djadi tjuek koering mah ajana raad desa moal matak djadi roegi ka rahajat. Naha matak oentoeng, matak madjoe? Tah ieu oerang papaj heula, saarkeun kana kajajaan desa djaman kiwari.

Nilik pangarti djeung panemoe noe djadi bapa desa djaman ajana, kawas panglobana atjan njoemponan kana sipat-sipat noe koedoe aja di hidji voorzitter hidji badan wakilna somah. Kitoe soteh oepama noeroetkeun kana anggapan katoelonkeun koemaha mistina noe djadi voorzitter.

Parendene kitoe sri dina pikiran djeung tarekah mah loba loerah noe bakal bisa djadi voorzitter raad desa. Ngan djaoeh kana sampoenana.

Sigana oepama breng di oenggal desa diajangan raad teh, moal bisa djadi. Djoi deui aja pananjaan dina hate naha henteu leuwih aloes moen desadesa noe lak utik diterceskeun dihidji-hidjikeun heula? Dina sagala roepa oerang koedoe njaho heula kana diri sorangan, njaho kana kajajaanana. koedoe ngoeoeur ka koedjoer ngembang raraga, sangkan aja rassa. roemasa.

Memeh be teh ki Marhaen koedoe njaho alip heula. Memeh kaboepaten, koedoe ngawengkoet lemborna heula. Boektina kaboepaten. Noe leutik soteh. Sapandjang aja raad kaboepaten, ari teu dikepar mah lapoeur teu aja noe niat sorangan hajang njaho koemaha prakprakanana ngoeresna kaboepaten (Kitoe oge aja sabagian noe leutik pisan).

Sababna ora lian, lantaran ngoeroes desana oge ngan sasemet roda djeung ka djalan djaba ti majar roepa-roepa padjeg djeung oeroenan teh. Noe di-sebet koe Walanda, gemeenschapsgevoel", njaeta karoemasaan djadi bagian tina biroep koemboeh, di desa, di kota oge teu aja atawa meh teu aja. Toerta biroep oerang teh noe koedoe djadi tatapananana teh njaeta: gemeenschapsgevoel tea.

Ngeroes roemah tanggana sorangan oge kawarna atjan bisa, da bodo, koerang pangadjaran, salahna noe pinter tea. Koe ajana raad desa, engke tangteu njaraho naon hakna, naon kawadjabanana. Moal ngan oekoer hajang enteng hajang entong bae. Waktue-waktue ieu mah loba pisan roepa-roepa perkara noe teu kalahartieun, noe sok noengtoen kana patjek-tjokan, pagoejdjoedan. Teu njaraho-eun, jen hiroep koedoe aja ongkosna. Maroekan enja bae aja nagara noe teu koedoe majar padjeg. Maroekan enja bae, aja merdika hiroep samenamena, bisa sakarep isoen. Noe matak sok pajoe, paboro-boro, ka noe dagang merdika, Zonder padjeg tjengah.

Ieu teh koe teu njahona, koe koerang loeangna. Ari bodo bawa ti koedrat mah Marhaen teh henteu, henteu. Koe ajana raad desa kapikir, kanjahoan katjroektjroek naon kawadji ban noe djadi somah, djeung naon hakna. Barang tangtue loba noe nepi ka kiwari teu kaharti, engke djadi terang.

Ari ajana mah koemaha? Asal sasoranganeun bae, tara inget ka hatoer. Teu njabe jen dirina sabagian ti noe noe loba.

Geura mangga panganggoeran laladjo koempeolan desa. Toengtik kajajaan di desa. Allah!

Noe gede ngagedean, noe leutik meraketet. Toengtoengna kalejek, noe sok boentoetan tea. Ari matak djadi leunghar, matak senang ngahayang ngahening mah, raad desa teh moal ngan rassa katenadilan katoegenahan bisa djadi ngoerangan atawa leungit. Keur kakertanan nagara mah, ieu oge geus djadi hidji kaentoengan. Soemawonna oepama raad desa dianggap saperti hidji pangadjaran, anoe perloe tea ajana.

Belangen - vertegenwoordiging.

Moen teu salah kamari ieu dina De Locomotief aja kabar salah sahiji belangen groep, asana bae luladeche Politiebond, njoehoenukeun ka pamarentah, soepaja salah sahiji ti noe aja dina lijst, noe disanggakeun ka Toean Besar dibenoem djadi lid Volksraad, keur wakilna eta bond.

Lain bae matak ngadatkeun ka teu adilan ka bon-bon noe sedjen, roepa-roepa vakvereeniging, kapan di oerang teh nja loba nja roepa roepa, tapi oge matak soerem kana kalangkangna politiek di Volksraad.

Bener ari tatjan djadi volgroend politiek lichaam mah Volksraad teh, tapi. politiek lichaam is t. Anoe asoep ka dinja, noe koedoe aja di dinja, ngan sakoer pagoejoeban noe toedjoenanana miloe tjampoer kana baghagan ngahenjeuk dajeh, ngolah nagara, noe disebet koe Walanda "politieke partijen" tea.

Pagoejoeban noe karieren mah naldjan sakoemaha leutikna oge teu aja halanganana moen dibere wakil di Volksraad, sorangan mah moal bisa. koerang sora.

Oelah poho oerang, noe ditjaritakeun di Volksraad teh sagala perkara noe keuna ka sarerea, lain ngan noe ngawengkoet ka hidji golongan bae. Angger-angeran noe djadi tjetjekean wakil teh, koedoe noe bidjil tina kaperloean oemoem. Sedeng sora vertegenwoordiger belangengroep noe di dioja teh, lain sora djalma rea, tapi sora pagoejoeban sagawe (vakvereeniging) noe diwakilkan koe manehna

tea. Beda deui djeung sora pagoejoeban politik. Nadjan kajah koemaha leutikna oge, da poegteh ti barang goebragna gelar ka deoja oge geus diantjokeun keur djelema rea, ngawengkoet ka sakabeh. Noe matak koering teu tjotjog di Volksraad matak koedoe diimplikimpikan koe belangen-vertegenwoordiging.

Pogoech bisa kadjadian aja noe dibenoem koe pamarentah noe sanga-dja keur wakil hidji golongan, noe boektina oge keur perkara oemoem aloes, tapi ieu teu matak dadi aloes kana politieke verhoudingen noe di-wakilan dina badan wakil somah.

Kawarna keur nedoenan ka dieu ka ditoe teh teu aja deui djalanana, kadjaba ti noe diangkat koe pamarentah teh koedoe hidji djelema noe asoep kana hidji pagoejoeban politik noe euweuh atawa koerang wakilna di Volksraad djeung noe djadi lid hidji pagoejoeban noe menta wakil tea ka pamarentah.

Pagoejoeban sagawe teu pati ngingetkeun noe sedjen, bahakoemaha kaperloean sorangan noe dinodag. Pamarentah nja koedoe inget ka roepa-roepa golongan, nja ka oemoem, sakomua. Waktue ieu saheulaanan, kawas djalan sedjen teu aja, noe bakal nedoenan ka ditoe ka dieu.

Sanadjan kitoe oge diaoerana, keukeul ari pikeun politieke zuiverheid ongewonecht.

Noe matak ngan saheulaanan, sabot pamarentah ngoekoehan hak ngabe-noem.

Hinder ordonnantie.

Anjar-anjar ieu bae. Atjan lila. Sing saha noe rek njewakeun kahar, mobil, noe rek ngawaroeng, njeun roepa-roepa pabrik, koekoe menta paidin heula ka (college gecommiteerden oepama di Kaboepaten mah). Disajekunnana eta ordonantie nja eta ngadjaga soepaja noe dareukeut ka dinja (natangga) oelah kagugooe kamamana.

Oelah gaudengeun (pandaj oepamana), oelah baeeun (njeun takoah, pamoean koelit) oelah aja pijilakeun, kaboeoeran, oelah aja pikarodjiteun djeung roepa-roepa noe sedjen.

Dimana aja anoe matak ngag ngooe kana kaaman, tatangga-tatanggauan bisa njanggakeun kababatan ka kommissie noe mariksa ka dinja, dina samemeh diadegkeun.

Pogoech aloeoeees, ngan Nja eta boeboehan tara aja noe sampoenra tea Ngan handjakal, keur sawareh mah eta hinder teh djadi robah harti sig. noe ngahalanghalang hiroep.

Kieu sababna: Menta paidin teh, henteu pertjoe-mah, koedoe rekes noen . . . lima welas ketip. Engke teh djol deui paidin, njakitoe bae . . . lima welas ketip.

Saleuheung oepama noe gede modalna noe aja harepan kana meunang oentoeng badag, noe didjieun pamunggoel kahiroepan. Teu naon - naon koedoe majar deca kali lima welas ketip oge. Koering mah eta ngingetkeun ka toekang waroeng, modalna ngan oe koer perak-perak, koemaha geura koedoe majar sakitoe lobana. Terkadang geus leuwih tina pimodaleunana. Sabab noeroetkeur eta ordonantie, noe ngawaroeng di tempat noe bari ditjijingan, (di tepas oepamana, saperti kabiasaan, kapaksa koedoe majarna deca kali lima welas

ketip teh. Ari noe nagog di djongko mah, teu koedoe majar, teu koedoe menta paidin.

Tah koemaha eta lebah noe kitoe? Boga modal opat perak, beunang ngindjeun ti bank desa noe mahal rentenna tea, kari-kari koedoe ditjanglekong tiloe perak, koemaha rek djalanana!

Noe matak tjuek koering djadi hinderen ka noe balangsiar ngarah sadoet sapeser.

Sabab lolobana henteu samata-mata meunang kahiroepan tina ngawaroeng. Ngan didjieun sesemben bae. Dina tempo teu aja gawe di sawah, heg ngawaroeng.

Noe matak katjida atohna kamari ieu dina koempeolan raad kaboepaten Tasik moetoeskeun, rek njoehoenukeun ka pamarentah soepaja noe ngawaroeng mah, noe dikira modalna koerang ti lima poeloe perak, diperekeun tina majar deca kali lima welas ketip, (vijf van zegelrecht). Disoepkeun kana artikel 31 sub. 20.

Tjara noe menta wachtgeld (wabe), nonactiviteit, djeug noe sedjen-sedjen, eta oge teu koeloe majar.

Moega moega sing laksana.

Pasar desa.

Kadjaba ti pasar kaboepaten (noe bareto noe gewest) suk aja deui pasar desa. Ngajekunnana pasar desa, kadjaba ti karasa perloean koedoe aja pasar, aja deui maksoedna njaeta keur ngeutengkeun ka sematan, soepaja oelah dikoeoerboet teuing koe oeroenan. kabandjel bandjel koe beunangan paser.

Tangtue kahayang sarerea oge oelah ripoehun teuing somah teh, miloe atoh oepama neudjo somahan senang. Tapi ajana aja pertanjaan: naha adil oepama hidji desa senang lantaran boga pasar, toerta ari desa noe sedjen rampolpoj lantaran nanggoeng pirang-pirang oeroenan.

Koemaha rek bisana diseboet adil, da teu walatra, teu satandingan. Kapan ajana adil teh dimana ngabagiana sakra deka noeroetkeun satandinganana, koemaha akalna sangkan bisa ngadeukeutan kana adil? Ngajekunnana pasar di oenggal desa, anoe moal bisa kadjadian tea.

Rasa koering aja deca djalan noe bakal bisa ngadilkeun:

Kahidji: kabeh pasar ditjikel koe Kaboepaten. Desa-deso meunang subsidi ti kaboepaten dina anoe katimbang perloe keur sarerea. (njeun saksak oepamana).

Kadoewa: Oepama aja desa menta ngadegkeun pasar, eta teh oelah koe hidji desa tapi koedoe diroboeng-ruboeng koe desa-deso noe aja di sawewengkon eta pasar (rayonstelsel). Waragadna ngadegkeun pasar ditanggong koe sarerea, batina oentoengna oge engke nja kitoe, pagaweanana ponpilalagi. Sarta koedoe aja kontrol ti Raad Kaboepaten.

Koering sakoeringeun teu tjotjog oepama raad Kaboepaten ngidinan ka hidji deca ngadegkeun pasar anoe kaentoengan ngan keur hidji desa bae. Tina karasa teu adil tea.

Malah kahayang mah pasar desa noe ajana geus aja oge, dikekewek koe hidji desa, eta oge koedoe didilkeun. Bob ditjokot koe Raad Kaboepaten, boh diadjangkeun koe desa-deso sawewengkonna.

Kahiroepan Loerah.

Dina Sipatahoenan No. sababra mah,

paho deui, ngan noe tangtue bae taoen ka II. aja berendelan noe n-rangkeun jen Regentschap Garoet, moen teu salah, rek ngatoer kahiroepanana Loerah-loerah.

Lah, aja boengah moen enja teh, ngan ngatoerna bae sing bener, oelah make diasoepkeun kana atoeran B. B. L., sabat tangtue loba noe teu ngeunahneun, moen make schaal schaal mah.

Dina eta toelisan (noe bareto tea) aja ketjap noe maksoedna, njeboetkeun jen loba loerah noe kaentoenganana ngaloehoeran doenoenganana, saperti pangkat Mantri politie. Eta teh bener pisan malah lebah Djampang mah aja noe mapakan Wadana di Tjiamis oge nja teu woedoe bae, oepama hidji desa rahab koewuena 82 baec, saoesem disewakeun f 25,- mangga ba-etang.

Tapi sing aremoet, noe kitoe teh teu sadaja, malah teu loba ari diparean mah, ngan antjal-antjalan bae, tapi sok dikoeoerkeun bae koe oerang kantor mah madjarkeun teh loerah mah gede kaentoenganana, eta teh bulohng, boektina koering terang eta teu kabeh, da loba loerah noe kapanggih malah geus diandjangan, moeljitid pisan. Mangga bae galib sawatara desa noe kapanggih koe koering, padjeg tanah djeung Hoofd-gelna, kasab deui f 1500 oge koerang, meureun persenna f 120, eta tah koedoe dibagi bagi, rahab teu aja mangga bae galib. Eta tjengah sok aja noe ngirim sisihan ari aja noe boga karia djeung tina pasidekah; eta teh tara remen djeung teu sipira, poegteh ari pasidekah mah ditangtoekun 5 sen minimumna, tapi loerah tara nagih tjara narik padjeg, biasana nampa ti toea kapoeng, kadangkala ngaoe oekoer peperakan bae, anget ajana djalma-djalma tjampoer djeung isme-isme.

Tina pantjen aja oge, nja teu sabraha keneh bae, moen dibandingkeun djeung papantjena loerah mah.

Dapartement-dapartement noe aja di oerang (Hindia) loerah mah ngasaan kabeh, nja kitoe deui parentahan parentahan djeung panjarek-panjarek doenoenganana nja di loerah lolobana njarimpungna djeung babanggana loerah mah ngadjalankeunana teh teu beunang koe ngameuir, nadjan ajana dibere petji oge, toengtoengna sok dibontel, setelan dianggo sula, noe poegoech mah sasat tjawet leneng keneh bae loerah mah koedoena teh, lain ari kahayangna mah.

Naon, meureun tjuek salah sahiji noe matja. Hese ari ditetek hidji-hidji mah ngan noe inget bae geura, aja kapoelisan, nja ari saeujana mah loerah noe tisoeksroek ti doengdoeng teh, geus poegoech padjeg, sakola pepestaan di nagara oge nja loerah poerah ngeujeub - ngeujeubna, anget ajana dipetji meureun beuki eujeub, palantjangan diendekeunana di loerah, raramaan di district atawa katjamatan, nja loerah noe dipentaan toeloeng, pendekna ti A nepi ka Z ka loerah mah daratang, noe leueur noe baseum, noe amis mah rada langka.

Nja kitoe deui hal nahan sakitan loerah mah teu boga pangantjan ti gerpermen. atawa tara dibere, njanja-baan neangen kapoelisan ngan oekoer "aanvraagbiljet".

Tatamoe ka loerah mah rada meueusan sering, djeung rereemenna mah toeng leueut deui, malah nja di desa ari ngadon loeang leueut teh, eta meureun toemaninah djeung sok eujeub, dasar toekang ngeujeub-ngeujeub tea, malah noe dina roeangan "Pipir hawoe oge (Sip: taoen ka III No. 4)

eff' teh meureun nja di desa di mang Loerah tea.

Nja kitoe deui loerah teh sok aja noe njanjka pabeasan (goah) teu asa-asa ari menta ngopi djeung dooit keur meuli bako teh. Koering geus nendjo pribadi kitoe teh, lain sakali, remen djeung rea noe kitoe kalakoe-anana teh. Dina hidji mangsa koering njaba ka Limbangan, di djaln prok djeung hidji loerah, keur ngawangkong djeung eta loerah lar noe ngiring ngiringkeun sakitan doean katjiri dirante, pokna rek dianteur-keun ka Garoet, eta noe ngiringkeun keukeuh menta pibekeleun, loerah kawasna geus toeman dipentaan, golosor bae doeka sabraha, ngap katen-djona dooit bodas rada deui.

Deuil, di hidji katjamatan bawahan T. koering kabeneran manggih, noe megat di langan katjamatan nanjakeun ka saban loerah noe harita rek koem-polan soegan marawa bako, moen teu mawa atoech dooitna bae.

Katjida hadena teh moen kahiroe-pan loerah-loerah ajeuna dihadan atawa dieroeskeun teh, angot ieu mah noe ngeroeskeunana oge hidji badan wakil somah, moegi bae ang walatra, toer ngingetkeun kana kawajibananana pagaweanana tanggoe-nguanana, kaburatna. Ontong ngingetkeun schaal keur loerah mah, da lain prijadi goepermen biasa, boektina dina petji djeung kantjing oge kama-mana kaasopna, djeung nadjan loerah lolobana ti sakola sataleu oge, matak naon kaentoenganana leuwih ti schaal eta, da gawena beurat tea, enja henteu tjara noe nanggoeng tea onaman.

Ti djamatan tjatjing doea sadoeit, tjek paribasa tea mah, nepi ka ajeuna loerah mah angger bae atoran ka-entoenganana teh. Oesoem duurte toelag teu ngasaan, oesoem kieu, oesoem kitoe angger bae 80%, tapi ari oesoem kominis mah pangsaragepna, sasat djendralna bae nepi kana emprona mah.

Aja oge sawatara desa noe loerah-na geus digadjih, da lain ti Pangagoeng, ti somah eta mah, noe poegoeh mah ti Goepermen mah ngan persen 8 sen bae ingdalem setor padjeg saroe-pia, tapi ari gawena mah kapan sakitoe beuratna.

Aja loerah noe keedoe motorok bae dikatjamatan beurang peuting, tangtoe bae eta teh lain karepna.

Moen gadjhina rek dieroeskeun, pansioenna oge oelah tinggaleun, da teu koerang roeroentoech loerah noe kabalangsak, padahal eureun hormat toer tanpa bintang. Keur loerah mah eta bintang teh taja adjina, moen tjara ajeuna, mending dibere sawah bae tinimbang dibere noe kitoe mah.

Ari loerah teh meureun aroeninga, eta teh moen dina adegah mah taja-jakanana. Tjaba bae, loerah dileu-ngitkeun, kawasna hese bae ngeuna-keun parentahan teh, sabab nja loe-rah noe djadi panjamboeng antara pamarentah loehoer djeung si leutik teh.

Moega bae moen enja teh rek digadjih kabeh, oelah ngandelkeun teuing ti somahan, da somahan teh geus beurat njoehon beurat nanggoeng koe roepa-roepa padjeg ge, djeung moega-moega bae eta hama noe sok napeok ka loerah-loerah teh dipala-kiaan, ambih djagjag waras engo-ning atjong-atjongan njembahna, da ari loerahna pribadi mah maal aja noe wani njaritakeun hal noe diseboet di loehoer teh kawantoe heurin koe letah.

S. M.

Sakola rahajat

(Sak. des. sarang sk. Kl. II)

Maos dina soerat-soerat kabar teu woedoe rame njarioskeun hal Hol-landsch Inlandsche Kweekschool.

Dimana riboet ngadamel openbare vergadering, rekoes ka Pamarentah ngadamel motie nembongkeun ka teu moepakatanana kana maksad Pama-rentah bade ngadamel H. I. K. sabab tetela pisan jen keur bangsa cerang beuki tinggaleun bae koe H. C. S. (sakola Tioeg Hoa) koma koe H. L. S. (sakola Walanda). Pamarentah oenggal-ogengal vergadering pada ngosatkoeun kana actiena verbonds bestuur P. G. H. B. nolak H. I. K., menta diajakeun Algemeene Kweekschool tea.

Pertjaja kana toedjoenanana pama-rentah "unificatie" (persamaan), teu mendang bangsa at. keulit, hartina dianggap saroea.

Djadi gede pangharepan kana di-goegoe pamenta teh. Goeroe H. I. S. H. C. S. djeung E. L. S. memang koe-doe disaroeakeun oep. enja H. I. S. dianggap saroea djeung E. L. S., anging oepami moeng siga woeng-koel saor, boektina H. I. S. ka Mu-lo kedah ka kelas enol heula Djadi roegi pangarti, roegi dooit, da waktos sataoeu di Mulo teh teu sakedap, djeung nadjan digemi-gemi oge tang-toe ongkosna leuwih sataoeun di H. I. S. sedeng kaajaan oerang anoe sakieu soesahna, rata-rata malarat.

Doeka koemaha pidjadieuunana, oerang arep-arep bae poatoesan Volks-raad.

Tjaros sim koering, djadi njalahan tina djoedoelna ieu karangan, nanging kanggo katerangan kana maksad noe bade ditjariokeun perloe njabit-njabit kana kaajaan H. I. S. noe koe Pama-rentah bade dirempagkeun. Nadjan boektina kien, kitos kadjadianana H. I. S., oerang koe doea atoh doemeh H. I. S. ajeuna keur diperlangkeun.

Boedak noe katampa ka H. I. S. pilihan pisan, koe doea noe koeat sarta aja harkat, moen teu kitoe lapoer, nadjan dodogeran oge maal laksana. Djadi H. I. S. teh tjadangan ka-oom loehoer sahandapna pertengahan djeung uoe tjaroekoeup ka ari tjadag somah mah uja eta sk. desa djeung sakola kl. II. tea.

Ari kaajaan sakola somah ajeuna, pohara teu njoekoeunana teh ka loehoer teu njamboeng, ti handap poengat boektina boedak noe kaloesar ti eta sakola, kana naon-naon teh poe-gag bae, ngan kana oepas djeung djongos lojogna teh.

"Is teu oemoem, kapan aja Schakelschool?"

Soemoehoen.....!!! ngaboeloeng-boeng djaln mah, sakola desa, sk. kl. II, Schakelschool, Mulo..... A. M. S. Universiteit.

Beu, ambeueueu! lain bangban lain pantjing, lain lampaeun Madhasan, djaln kadinja mah koe doea perdjala-nan m'radj; sanggem sim koering oge doeka oepami ngan woengkoel saor, da ari kana boekti mah asa saeutik pisan pangharepan.

"Teu oemoem, kapan sakitoe ma-djoena schakelschool teh meh saroea bae djeung H. I. S."

Mangga entong meh deni, samikeun bae sarang H. I. S. nanging emoot noe koemaha noe lebet (katampi) ka Schakelschool teh, geuning nja tjara H. I. S. deui bae pilihan, njaring ti oenggal sakola kl. II, lolobana mah nja ngagoendoek di sb. kl. II noe engkana kaloesar djadi somah tea, djadi djelema tanggoeng, degang teu bisa, tami teu katapi antekna nja koe-li (boeboeroeh).

Naon maksoed djero djeronana. Pama-rentah mere pangadjaran ka raja? Naha ngan woengkoel keur nam-bahan bilangan noe bisa matja djeung noelis, atawa djaln keur ngamadjoe-keun rahajat soepaja salamet hiroep-na?

Oepama maksoedna ngan keuna kana pananja noe ka hidji, kantenan parantos njekapan koe kaajaan sako-la rahajat ajeuna, nanging baris njoemponan pananja anoe kadoea, sadaja oge pada tingali, malah seue-ur noe ngaraos.

Ajeuna sakola kl. II geus djadi 5 kelas, moerid sakola desa njamboeng pangartina sarang sk. kl. II. Ke, lan-nan cerang tjoejtjoech. Jaktos, sako-la desa parantos njamboeng sarang sk. kl. II tea mah, nanging saeroena disamboengkeun, Geura mangga pa-paj ka djoeragan Goeroe noe ngadjar di volvoelgschool, koemaha boektina.

Sakola kl. II djadi kelasna kantenan madjeng, ti kawit djamatan tjat-jing doea sadoeit, sk. kl. II teh ke-lasna ngan 3. tamba djadi 4, ajeuna 5. Jaktos kelasna mah medjeng 3-4-5, nanging boektina (boeahna) asa angger bae, djadi sanas voorstel njoehoenkeun didamel djadi 7 kelas, oepami kitoe keneh-keneh bae ba-rangna, nja maal tebih ti kitoe. Geura mangga noe deet bae heula, hal elmoes boemi.

Kapoengkoer nalika sk. kl. II ke-lama 4, ngamimitian diadjar teh ti kelas 3; ajeuna sanggeus djadi 5 ke-las, diangrodkeun ka kelas 4, engke oep. parantos aja kl. VI, boe-bae ngamimitian diadjar elmoes boemi teh ti kl. V. dj. a. t., djadi noe toeng tea mah, kapoengkoer sangos sabaskom teh opataneun, ajeuna tam-bah saerang, sabaskom-baskom keneh bae sangoea teh, atoech tangtoe pisan tinglaletem keneh, toengtoengna silih pentjrong, ret ka noe saerang noe

anjur tea, naha koe ema teu diberean sangoe, ngan sok bae piring, sangoe-na mah njoro.

Tjik eme, tambahan deui sangoe-na, keur noe anjar tea, oelah sina njoro, da teu seubeuh.

Koe sabab tamba piring kosong hidji, sangoeana laoeckna, angeunna dj. a. t. tambahan deui.

Sangat panoehon ka soegri noe ahli nitenan kana kamadjoean djamatan, poko noe ngalantarankeun madjoe, nja eta onderwijs; soepados kersa oesaha, ichtiar sangkan njoemponan kana kaperloeanana, njanggakeun ka oenggal-oenggal vereeniging, koemaha akalna, djalanna sangkan sk. desa sarang sk. kl. II bisa njoekoeup keur kaperloean hiroepna rahajat.

Di nagara-nagara noe geus madjoe onderwijs teh dipake patokan nomer hidji, ngarasa jen eta teh kaperloean sarerea, diosahakeunana oge koe sa-rerea, lain bae ngan kamadjoeanana onderwijs, noe ngalantarankeun ma-djoena onderwijs oge diperloekoeun, diosahakeun.

Koemaha ari di oerang, babakoena koe noe sok oeloekostek di sakola bae, nja eta goeroe.

Noe matak sakapeung mah sok era , siga pisan noe ngeupeul ngahoeapan maneh.

Malah koe noe deet mah aja basa "Wah keur naon diomean piraning ngadjar ta-ta, ti-ti" doeka tjn nepi doeka sirik: nanging djsim koer-ing pertjanten ka noe ahli sarang tingali tangtos andjeunna babadoeg totondjolan aja basa kitoe teh, lain moendoer atawa ngantep, tapi moeril koemis bari ngahajoekeun sina madjoe menta saboe di akal soepaja dihadan djaln baris ngangkat harkat dara-djalna rahajat.

Mangga njanggakeun meungpeung Pamarentah-keur ngamanah-manah ngamadjoekoeun H. I. S. Na matak naon lamoen sakalian bari ngama-djoekoeun sakola desa sarang sakola kl. II.

Hantja

Somahardja.

Hajang oelah boentoe lakoe.

Pribados parantos mendakan pi-rang-pirang baroedak, noe oemoerna soemedeng kapalang (antawis 12-16 taoen), kaloesaran sakola kelas II atanapi H. I. S. loegah-ligeub teu baroga pagawean.

Rek digarawe maranehna teu ka-tampa, eukeur mah oemoerna haran-dap, toeroeg-toeroeg "dipl-mana" rea noe ngoengkoelan. Rek sakala, sakola ka mana. Salenheung noe kolotna kandel, maal soesah-soesah teuing neroeskeun anakna teh; di teu te-roesna oge maal soesah-soesah teuing ngabalandjaanana.

Koemaha ngingang di noe teu boga? Ngan ripoeh noe aja.

Heug si boedak teh madjoe kana beger, pake hajang hade, dooit hajang boga.

Oentoeng keneh moen teu kabawa koe sakaba-kaba. Kawantoe noe beger, tjek oerang Banten tea mah "wawa-jagon" sagala resep. Meh sagala roepa katandjo aloesna woengkoel, maal boe daekna tjatjampeoran djeung noe teu paragoeh teh; heug katepaan bibit kagorengan.

Anoe sarakola onaman, atawa noe digarawe, beunang diseboet "rada he-se" atawa "teu aja waktos" batan noe ngaligeuh.

Emoot ka lebah diinjana, pribados toemaros ka soegri noe maraos. Naha teu langkoeng sae oepami, disueuran sakola Patanen atanapi Patoekangan noe mirah bajaranana? Tjenah eta teu aja foeloena.....?

Koemaha atoech? apan perloe. Pimoerideun mah maal doegi ka kirang, terkadang sakolana kirang keneh-kirang keneh!

Oepama teu kitoe sae ditarampa bae baroedak teh pikeun njekel gawe, noe satimbang sarang oemoerna.

Oepami djardi: toekang nlepe ser-at kabar, nganteur-nganteurkeun soe-rat, ngadjoel boeoke, s. dj. t.

Koe djaln kieu baroedak noe nga-ligeuh tangtos ngingrang, kilangbara "leungit" pisan. Oge roepi-roepina mah maal rea noe njasab njorang djaln kabegoran

Mangga njanggakeun timbangan-timbangan, ti noe toena:

M. A. Salmoea.

Makan pagi.

A: Ajeuna teh oerang teh kabeh oepamana pada ngoedag kana kasam-poernaan.

Tapi lamoen geus samporna, geus tepi ka noe ditoejoe, rek naon?

B: Naon bae.

A: Naon bae koemaha?

B: Koemaha karesepna noe rese-peun; noe resep laladjo, toeloj lala-djo, noe beuki dahar, toeloj dahar, noe ngadoe nja ngadoe

A: Djadi diditoe teh, tjara dioerang bae njah ajeuna, sagala aja?

B: Atoeh poegoeh.

A: Ngareunah mana, di dieu djeung di ditoe?

B: Ngeunah di ditoe dimana-mana.

A: Eta andjeun mah, bet kawas heureuj ngadjawab teh; ditanja sae-nja enja.

Asoeh koemaha da noe uanjana ge tjara boedak.

A: Tjara boedak koemaha?

B: Enja apan tadi teh tjek an-djeun lamoen geus samporna.

Djadi meureun ajeuna mah atjan lain?

Koemaha timbangan anoe tjan samporna, geus beunang dipake, kana tjariata atawa kaajaan anoe saenja-na, sabenerna?

A: Meureun maal.

B: Lain meureun, maal bae kitoe.

A: Ih ieu mah, minangka nanja programma hiroep sanggeus kitoe, kitoe.

Geus kitoe, kitoe.

B: Tjara kamidi gambar, nja.

A: Tah kitoe.

B: Sanadjan kamidi, koe doea boekti heula maenkeunana. Tangtoe si pangeroes, maal waka wanieun ne-pakeun tanggal boelan baris maen oepama tajaan sidik atawa kapertjaja geus ajana. Ngan sasemet kira-kira, sakadar anoe geus kahontal koe akal pikiran manehna.

A: Djadi koe doea geus boekti heula?

B: Enja: Noe matak Allah ta ala woodjoed kidam. Ana toeroen ka ab-dina (kakasihna) njaeta djalna anoe resep ngadjadikeun kaberesan, kabe-neran, kaberesihan, pribadina heula. Teroeoeos, majeng, angger, langgeng. (sipat baka).

Djadi 1 maehna ka doea bener.

1 beresih.

1 soeka.

1 beres.

Bener beresih soeka beres enz. tah sipat kamalakata.

Si Bener boga goesti nja manehna.

• Beresih

• Soeka

• Beres

enz.

Noe matak katjarita kabeh malae-kat njembah ka manehna (djadi ren-tjangan).

A: Ke, ari widadari naon?

B: Oerat kahalangan keneh koe koelit ipis, djadi tjan boga tana-ga patepoengnan rasa. Ngan masih beresih. Oerang samemeh kapaksa ngalakon, kanjaho pondok heureut. Ngeunah teu njaho di ngeunah. Ban-gnet teu njaho di banget.

A: Poek eta mah.

B: entong! ari poek mah.

A: Eta bae atoech ari manehna teh maon?

B: Oelah ditanjakeun eta mah, pa-mali matak leungiteun sorangan!

???

"Bekel njoehoenkeun H.I.S. ka pamarentah."

Kaleresan tanggal 6 Nov. '26 poe-koel 3, koering tampi serat ti djoeragan Wangsadikeoesomah Schoolopzie-ner Bandung, oengalna kieu "Kang tjaliik sakedap oerang ngabadamikeun ngadegna sakola pikeun H. I. S. tea." Tina banget atolna, enggal dangdan poho kana kaperloean di imah mah.

Make saroeung palekat, djoto tjitak Kadjawan, badjoe boekaan ari rang-kep kampret pandjang, lamoen di tjoeplak djoto mah, wah tjebles Hi-hindoean, uja eta atoech soegan teh, lain aja djoeragan G. Beintema sarang djoeragan Atan goeroe H. I. S. Tjia-mia. Enggal ngarioeng badami baris ngadegkeun H. I. S. partikoelir noe djadi Goeroena;

Ka I djoeragan Beintema 2 Djoeragan Atari 3 djoer. Soewitaatmadja, Mantri Goeroe di Bandung; piongoe-seunana Goeroe goeroe sarang roepi roepi kaperloean kinten-kinten f 180, sasasih. Dina ongkos koering njam-boerg saor, bilih kekengangan ti

moerid-moerid teu njoemponan, kedah aja noe nanggoeng? Lahiran djoera-gan Wangsadikeoesomah, nja oerang koema engke bae eta mah, sarang dina bajaran sakola njoehoenkeun di samikeun bae ngabantoen tina ka-entoengan kolotna, noe kaentoengan f 100 kahandap boedak ka I f 2,50 ka II f 1.50 ka III f 1,— langkoeng ti f 100,— ka f 200.— ka I boedak f 3,50 ka II f 2,50 ka III f 2,—.

Tempatna saheulaanan dina sakola dessa bae, soepados oelah njewa, oepami geus moerid langkoeng ti 60, nja wajahna njewa sakola kelas II bae, waktosna ngadjar ti satengah 4 doegi ka satengah 6.

Atoran pangadjaran sarang pacan-tie saroepe di H. I. S. biasa bae. Noe di adjan moega-moega mimiti di boeka sasih December '26 tanggal 1, ka sadaja noe bade ngalebetkeun poetrana ka sakola ieu, disuehoenkeun, enggal soemping atawa koe serat ka Djoeragan Wangsadikeoesomah ka djoeragan Soewitaatmadja sarang ka djsim koering (Hardjoproewite).

Djoeragan-djoeragan ieu tjita-tjita oerang Bandjar ti baheula, nembe rek bisa kalaksanakeun moega-moega djoeragan-djoeragan kersa ngabantoe. Koering sarang Djoeragan Wangsadi-keoesomah, djoeragan Soewitaatmadja, ti kapoengkoer ugiker-ngiker pidjale-neun ieu, tapi weleh teu kapanggih horesam pikeun pisaratunana, sabab gadjih goeroe oge sanadjan pertjabaan, tah gadjih mah koe doea, "saperti"

gadjih Goeroe Walanda f 500 Goe-roe H. K. S. f 300 Goeroe ka III f 200, sedeng ngandelkeun ti-na bajaran moerid oepama ngan aja 60 rata-rata f 2,50 = f 150. Toeh dimana bisa djadi, ari ajeuna mah estoening ieu mah ditoeleong badis koe djoeragan Goeroe-Goeroe teh da moeng ongkosna f 180. Tjenah engke-teu mah beubengangan ti moerid nja wajahna noe darmawan bae noe tombok teh sageuj taja noe hawatos.

Djoeragan-djoeragan tadi tjek koer-ing ieu pibekeleun neda H. I. S. di Bandjar ka Pamarentah, djadi lamoen-boekti djadina ieu sakola sarta moerid-moerid doegi langkoeng ti 100. Tangtoe Pamarentah kaseroeng koe kawadjiban andjeuna koe kaadi-lan andjeunna ka Rajat di Bandjar, tangtoe ngajakeun sakola H. I. S. tea. Meureun tjek koering teh toeh moe-lana moerid geus aja 100, noe baris taoen hareup aja 100 deui, emoean tangtoe Pamarentah diperhatikeunana.

Bari wangsoel ti boemi djoeragan Wangsadikeoesomah kinten poekoel 1/26 njarengan noe maroeilih ka Tjia-mia koering soemping simpang na-roeskeun soegan aja noe bade ngale-betkeun doegi ka poekoel dalapan barita keneh noe bade ka serat ieu di handap:

- | | |
|-------------------------------------|--|
| 1. Djoeragan Lauw Joe Djim 3 boedak | |
| 3. " Li Tjoen Sin 3 " | |
| 3. " Tiang Seng 2 " | |
| 4. " Lim Liang Koen 1 " | |
| 5. " Oeij Chi Chaij 3 " | |
| 6. M. Moeljo 1 " | |
| 7. " Sasmita 2 " | |
| 8. R. Sirod 1 " | |
| 9. M. Soeleman 1 " | |
| 10. M. Endoen 2 " | |
| 11. R. Wira 1 " | |
| 12. M. Pei 1 " | |
| 13. M. Mari 1 " | |

djoembiah 22

dinten milggoe ping 7 November '26 noe bade ngalebetkeun tambah deui

- | | |
|----------------------------------------|--|
| 14. Djoeragan Li Thiam Hoelij 2 boedak | |
| 15. M. Ewen 1 " | |
| 16. R. M. Adiardjo 2 " | |
| 17. Mas Hadji Arsad 4 " | |

djoembiah 9 + 22

= 31 boedak, ieu panggeusi dessa Bandjar bae. teu atjan koe pangdeu-deul djoeragan Tjamat djoeragan We-dana.

Aja wartos dinten Minggoe pajoen bade kempelan, oge bade ngadawoeh-keun hal ieu sakola. Tangtoe seue-urna noe ngalebetkeun margi tambah pertjantenna.

Pamoegi ka noe maraos Sip. noe aja di Tjidjoelang, Parigi, Pangandan-ran, Kalipoetjang, Padaharang sarang Bandjarsari kersa njarioskeun hal ieu, soepados dimana koering doengkap ka tempat djoeragan-djoeragan sarang ngabantoen serat ti toean Goarne G. G. Beintema, tiasa maparinkeun tjatetan noe baris ngalakoeun poetrana sakitoe pihatoer koering kasarengan kabingahan poen.

Hardjoproewite.

Bandjar 7 Nov. 1926.

N. B.

Soepados terang pisan Djoeragan

G. Beintema goeroe H. I. S. Galoeh Tjlamis
Djoeragan Atari Goeroe H. I. S. Galoeh Tji-mis:
Djoeragan Soewita Atmadja goerog sakola klas II Bandjar.

Djapan djeung Moekisam (Samboengan).

Djapan. Sam Sam naon ari hartina Agama?
Moekisam: Ari pamauggh koering mah oge ti noe papatah ka koering, ari hartina Agama teh = Ageme agemi angeti jati.
Djapan: Naon ari Agemi?
Moekisam: Ari Agemi eta = Ageman = paugango = tjetjkelan.
Djapan: Naon ari Agemi ti ngati-jati Moekisam: Agemi = gomi ari ngati jati = ati-ati tjindekna samangsa oerang boga tjetjkelan bausa lahir atawa bangsa manah koedoe gemi djeung koedoe ati-ati.
Djapan, naon ari ageman oerang? bangsa manah.
Moekisam: Etmoe atawa kanjaho eta 4 roepi saperti sareat, tarekat, hakekat ma'ripat.
Djapan? Sam Sam naon eta noe opat roepi Soendana.
Moekisam sareat lampahing badan
Tarekat " boedi
hakekat " manah
Ma'ripat " rasa.
Djapan: Sam tjiik tjaritakeun hidji-hidjina hejang kabarti.
Moekisam: Mangga tapi oelah sok popojok, da saktieu kabisa. Ari sareat eta lampahing raga kieu maksoedna.
Koedoe berseka koedoe achli kana kasehatan badan, koedoe handap asor, koedoe roeroeh djatnika, pasemon koedoe pikarespeun tah tjeuk basana Arab ieu teh lakoe raga = sareat.
Lampahing boedi, koedoe sabar koedoe verboedi, tawekal gede hampoe ra, koedoe resep mikir-mikir ngalimbang lakoe hade sareng awon, noe hade lakonan noe awon singkahin, oge koedoe rasa teh dirasakeun, ngaraoekenn koedrat pangawasa sareng waskitaning goesti. Watosa sareng irodlat ka bidjaksana manoesa, engke roemasa nalangsa jen hiroep t-h aja noe moerba kawasa tah tjeuk basa Arab ieu teh tarekat. Ari lakoe uing manah njaeta koedoe teman, mantep, idep. Madep ka pangeran noe maha kawasa, sing pertjaja bante koe adje pangastota oerang. Tah ieu tjeuk basa Arab nja hakekat tea.
Ari lampahing rasa
Pan Pan saktieu bae heula nja isoek oerang teroeskeun.

Hardjo Proewito.

N. B.
Neda hapoenten ka noe maraos maksoed sim koering noelis di loehoer ieu taja saes moeng soepados tebih tina pasirikan pangarti noe di teda loejaena akterna, moegi aos di handap ieu.
Nal ladina ije minoena bil gaebi waje kimoena salata wamima radjakaheer joen pikoen sareng.
Lajoe kalipoel lahoe napsan illa woesaha.

H. Pr.

Pangapoenten.

Seratan djoeragan P. w. Sip. No. . . sakoemaha lahiran djoeragan leres pisan, tjotjog sareng emoetan abdi, ameng abdi nambah saeutik bilih aja noe maos saah mahamkeumana, noe oengelnu kieu, lamoen lolong di doe njana di acheratna oge lolong" noe maos eta lolong moegi oelah dihartoskeun lolong baong, petjak mata doeanana eta sanes, pimaksodeunana kieu, lamoen djalma benteu njaho ajeuna di acherat oge hamo njaho, saktioe bae koelan.
Kahatoer djoeragan B. S.
Lahiran djoeragan noe pertjaja ka Allah teh saroesa djeung boedak" ari Allah teh eta toedoh kanoe kagoengan djeungan, ari noe kagoengan teh, tjeuk basa Djawa mah, adoh tanpa wangenan, parek tanpa gepokan sawidji tan kena toenggal loro tan kena pesah, anoe margi aja basa kieu "Waman tolaba saean pigeori napakoe paqoddola dilalan baida" sing sepo wonge anggalati "sawidji" adoh seka awake dewe ikoe sasar kang leuwih adoh."
Bisa djadi lamoen kieu tjara boedak, oepamina djoeragan mendak tekenan

diermas, oenina Bololeng Koesoemah, toeloj bae dikinten-kinten ieu tauda tangtoe ratoe.
A: ten ngakoe tangtoe ratoe.
B: djeung sateroesna, padahal eta tanda pangangoeran nja tangtoe tjara boedak.
Tapi oepami kieu mah maal, oepami djoeragan boeka toko. datang bae noe njandak barang, bari mapariu tekenan, di mana abis boelan, djoeragan soemping bari mawa eta bon ton, tangtoe bae eta noe kagoengan tanda maal moengkir, tangtoe diakoen. meuggh abdi mah tetep.
Kieu samangsa pertjaja ka Allah eta pertjaja ka diri, samangsa pertjaja ka diri eta pertjaja ka Allah, margina kieu oepami oerang samon basa Inggris irhale oerang teu bisa kana eta basa, tapi kena-kena pertjaja ka Allah teroes bae wani, atoech nja lapoe meuseun sanes kitoe djoeragan? Tapi lamoen oerang pertjaja ka diri eta djadi pertjaja ka Pangeran, kapuu oerang geus soemerah teu daja teu oepaja auing Allah. Tapi kade djoeragan bisi tjara kapengkoer, aeh naon Allah, ari eta kapal terbang teh beunang Allah, geuing beunang toean Fokker tjeuah, tah ieu djalma kaliroe, eta djalma ngakoe kawasa sorangan mangga galih sing lenjep, lamoen enja oerang kawasa, maal daek gering, maal daek ompong, maal daek lolong, maal daek tjengkrod lain kitoe djoeragan?
Deui, kieu, oerang ngakoe boga anak, anak oerang tjeuah, tjiik same-mehna roemasa rek njeun anak, bisa njeun anak, lamoen manoesa bisa njeun anak, meureun moa. rja noe teu boga anak! Inget djoeragan lamoen enja oerang kawasa bisa njeun anak, maal enja njeun anak dempet pirakoe njeun anak pireu, pirakoe palaj kagoengan anak lolong lain kitoe djoeragan?
Tah djoeragan anoe matak dina kaislaman aja basa koedoe "Weroeh pisah la koempoele".

SAGOE POENJOENG.

Nenging kalboe daek pisah la rasa toehoe, rasa kang loemaksa, mesesa sagoeng doemadi, moengging gedong kang sinongker ing manoesa. Soendana kieu, dina waktos manah tjtjing, eta rasa noe loemakoe, ngawisesa sakaajaanana, dina gedong noe disengker koe manoesa.
Tah di dieu mangga galih ari manah mah boga rasa, tapi rasa teu boga manah, tah ieu palisah manah sareng keur koemaha? Ari gedong sesengkeran mah, nja eta noe koe oerang Padjadjaran mah disobeot gedong samar tea! Tjeuk djoeragan djalma ngagoreng ka Allah gehel, ich eta mah mangsa bodo teuing, hade goreng karasa koe sorangan, teu koedoe ngadakwa ka Pangeran, sing pertjaja hiroep aja noe moerba amisesa, Maha Soetji anglipeeti ing salira, paoetoeopna oelah waka beudoe oelah waka pertjaja raeskeun bae heula.

Hardjo proewito.

N. B.

Ti mana asalna sabadat?
Eta djalan anoe bakal nepi ka Poerwaning doemadi.

PATAKONAN.

A: Saha silaing?
B: Koemaha noe njeboet bae.
A: Oerang mana?
B: Oerang manoesa.
A: Anak saha?
B: Teu-indoeugan teu bapzan, bidji ti beulah batoe.
A: Sabaraha taen oemoer silaing?
B: Saka soeka kaola. (Oep. hiroepna 60 taen, noe 30 taen dipake bingoen. Noe kitoe oemoerna saroesa djeung 30 taen.
A: Geus boga panoetan?
B: Poegoer, bener kaola.
A: Boga doeloer atawa baraja?
B: Boga, kadjedjegan ati kaola.
A: Saha sobat-sobat atawa kawawoehan silaing?
B: Rea, sakoer kaperloean saliwatan: hakaneun, pakeun, tjtjinganeun.
A: Naon gawe silaing?
B: Nitenan sakoer anoe: kadeuleu, kadenge, kapikir karasa koe sorangan.
A: Silaing njaho, iraha waktos didjoeroekenn?
B: Njaho-njaho geus kieu bae, teu hajang tatanja deui, (didjoeroekenn teh = perboeka).
A: Teu hajang tatanja, atoech waja-hanna djadjawab: naon ari pati?

B: Waktos anoe pangahirna.
A: Iraha kasorangna.
B: Saban noe kasorang, eta pati lasan kaola. Moen soeka, disobeotna pati moela, moen ahirna pararowek atawa bararingoen teu poegoeh eta pati hina.
A: Aja deui naon ari oemat?
B: Oemat, kadjadjen asal kaola "lala" oemat tjangkiloeng" "awioemat iwoeng".
A: Aja tasa "Gens nepi-ka djang-dji." Djangdji naon eta teh?
B: Djangdji di diuja, hartina "ngan saktioe diadina". Moen ngeunah, disobeot milik, sabalikna moen teu ngeunah, pokna tilaka doraka.
A: Eta teh kadjadian tina naon?
B: Kadjadian tina gawe manachtadi. Atawa hasil beubeunangan tanagapamolaho soranganana keneh.
A: Ana kitoe Goesti Allah disobeot keun sok ngagandjar djeung saktioe teh bohong?
B: Heuteu bohong, sabab andjeunna mah tara bohong, boektina tara aja kadjadian goela tina tanoeub.
A: Poek koering mah, lebah dinja.
B: Wah saktieu tjaungna.
A: Poek soteh lain teu neuleu, bingoen.
B: Doraka, ngabohongkeun ka Goesti sorangan. Poegoeh seranganu noe taja kanjaho.
A: Lain kitoe, sakalian neda katarang bae atoech, naon ari Allah?
B: Beug, mani rada lemes, ngolo. Teu oemoem Allah teu djeung Goesti tina.
A: Heug, Goesti Allah atoech.
B: Ari panjua dewek, soegan teh silaing geus djadi djelema.
A: Eeuh! taruna bae, sadaja daja pendekna mah.
B: Heug dewek, ranja pasanggoepan, tapi.
A: Pasanggoepan koemaha?
B: Sanggoep silaing ngoeroes sorangan? Tapi parabolna sorangan keneh bae.
A: Djadi koedoe sagala koema maneh?
B: Djeung oelah pertjaja ka batoer.
A: Antoe-antoe naha?
B: La ilaha illahe, ieu batoer mah euweuh noe beunang dipertjaja, ka noe saena enjana.
A: Ke, lebah dieu, koering ngakoe bingoen heuteu, ngakoe tjaung heuteu. Pendekanana, Mingoes harup, rek datang deui. Ajena rek mikiran saktieu bae heula sagala koema maneh.
B: Koema dinja Ngan sing inget!
A: perkara oeroesan bagbagan dika goestian, moehalaph (weda djeung anoe tiasa).
A: Iraha, Mingoes hareup?
A: Enja.
A: Koering mah panasaran koe noe bareto tea.
Naon ari Allah?
B: Eta mah, pamalina ditatanja-keun.
A: Wah naon pamali?
B: Ka teu reseppa, atoech.
A: Lamoen naja kitoe oelah; atoech naon anoe meunang? Soepaja leungit kapanasaran, (minangka gauti-ua).
B: Eta mah koemaha kapangkatan andjeun bae. Loehoer, nja loehoer; moen handap, handap deui.
A: Koemaha njirikeunana?
B: Kieu geura: si A. ragrag tina loehoer tangkal kalapa. Kadeuleu koe si B. si A. teu eling, si B. ngadjorit. Ahirna si B. tjetjatang njaritakeun deudeuleunana. Si A. noe ngarasana. Tah aja sidik karasa koe si A. tapi bogana tjara ti sasemet eling. Ari si B. lantjar pisat njaritakeunana ti awal nepi ka ahir, ngan teu baal-baal etjan.
A: Ari Allah djangdjina, "daek matoeh" idek liher deudeuleutan, tapi koedoe prak koe maneh. Lain saer woengkoel.
Tjik sanggoep djadi si A.? Entong peupureudeujan, djawab?
A: Ari kabitana mah enja, ngan kawasna paleuh wawanen mopo.
B: Tah, djadi nepi ka saat ieu pangkat andjeun ngan sasemet kabitana.
A: Eeedas, ana kitoe dewek teh kalao ieu.
B: Andjeun boga doenoengan?
A: Boga.
B: Pek, kanjahokeun adatna, geura, dipikasasih. Geus kitoe pek kanjahokenn deui sipat 20.
A: Da eta ge enggens, malah bari dikawihkeun sagala.
B: Eta mah apal!! atoech! Tjara boedak bae djadjawab: teh. Baik bae heula!

Koetan kitoe.

Doea atawa 3 taen katoekang boering njaba ka pakidoelan tanah Bandoeng, tempat tiris (ge, dina ri-oengan koering ngawangkong djeung sawatara goeroe-geroe didinja, edas wangkongna eta djrg. goeroe hal nasionalistich, aboug goeroe jasa tjari-os, dasar toekang ngolah basa, aja tagat, teu njana saktioe tempat sepi bet aja djempolannana noe nationalist teh, rasa boengah pedah tjinta kana tjita-tjita Pasoendan.
Ari isoekua kapanggih dihareupeun sakolana waktos uitspanning keur andekak dina korsi bari matja. Kaom Moeda.
Seuri koueng koering teh sarta eta goeroe teh miheulann njariita kieu: "Matja ieu soteh perloe Mulatiana."
S. M.

Djoeragan B. S.

Ten dibandap soesoeganan. nerang keun hartosna eta motto. Kaanggo heuteuna, teu langkoeng koemaga djoer. B. S. Margi loeang loembrana manoesa, ana ngahartikeun hidji per-kara atanapi njoeroepkeun hidji omongan teh kana barti pamangghin, noe ditjekl koe maneha sorangan. Hana-asa aja dina kalepatan, eta sababna noe matak diwadjibeun manoesa, koedoe ngadji ne ngan elmos salilana hiroep. Tapi saes kamistian oerang pikeun noeroetkeun ngeukeuwauk, tjeuk atawa pagawean batoer, teu make pisan (red.) timbangan sorangan. Noe kitoe mah kapan pihaseunana oge toetoeot moending. Katambih omongan - omongan (motto) beurna teh tjeuk noe ngaloeurkeun, rek pertja-ja rek henteu eta tinggal koemaha noe ngadengekeun. Moenggoehing dina kabiasaan djelema noe saroesa agamana, saroesa boekoena noe diadji djeung saroesa goeroena, teu tjausa saroesa tjetjkelanana djeung kapertja-jeanana dina soeklak sikloekna noe dielmo.
In God gelooven is kinderlijk:

TESELFABRIEK

"NAJA"
Goenoengbeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pang-aos sareng kaktian ditang-gel ngabingahkeun.
Oegi midamel gambar boemi (bouw tekening), pangaos ti-asa badanten).
24 Directeur.

COIFFEUR B. OETIH

Toekang maras

Djadjawaj Tasikmalaja.
Parantos njajagikeun medja ti-olet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja kuecht anoe piuter. Masing emoet oelah lehar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa ka-djantenan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilatka salira. Mangga saroe-mping.
Noe ngantos
B. OETIH
19 Tjaket Soos. K. M. Tasikmalaja

ADRES noe parantos KASOBOR

DAHJAN
Toekang Mas Roemah No. 18
TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perbilasan tina mas sareng perak, damelan pribad, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel penit, soember, lilpen, padamelan ditanggal sae sareng enggal.
Djati ti eta ngitjal roepi-roepier-iodji sakoe, eriodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perbilasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroe-mping soepados kaeunaga.

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

EEREDIPLOMA MEDALI
3 MAS.

Sajagi kareta mesin Merk SIMPLEX

Auto banden:
Michelin, Goodyear
Dunlop.
Prabot auto.

Inditna auto bus (di pajoeneun toko Beng).
Ka Garoet poekoel 7 endjing.
Tjikidjing poekoel 7 endjing.
Karagnoenggal poekoel 7 sareng poekoel 10.
Ka Bandjar poekoel 7 sareng poekoel 12.
Autobus dienst
Tasikmalaja
Tel. No. 2.

KLEERMAKER

M. HOESEN
KIDOEL STATION
TASIKMALAJA

Nampi padamelan roepi-roepi anggoan, ditang-gel sae, pangaos mirah.

Toko en Drukkerij Pasoendan
Tasikmalaja.

Nampi tjitakkenn, ngitjal boe-koek-boekoe pangadjaran sareng wawatjan-wawatjan.
Ardjoesna Laras Konda tamat moeng f 0.75
Biantara Somah moerba (Democratie) f 0.12 1/2
Paririmbom sepoeh anggoan para sepoeh f 0.15
Minjak Moestika, 50 matjem kasawat f 7,—

Milari langganan

B. BARLI

Toekang Kopjah

Pasar Baroe Bandoeng.



Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan-djoeragan adres anoe di loehoer teu dina waktos teu nembu moeka winkel kopjah, Spectal ngitjal Kopjah kangge lilaen deui, koe margi eta mangga djoeragan-djoeragan njobian langganan ka djalan abdi pangos sareng padamelan ditanggal mirah sareng sae.
Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelna noeroet sakoemaha model ajeuna sapertos: Kopjah boeloeoer boeloe anoe roepi-roepi kleur sapertos, aboe-aboe, hedjo loekoel, kopi, hideung s.a.t. Kopjah boeloeoer hideung roepi-roepi model, kopjah Padang soetra sareng Padang Katoen.
Sateu atjanna ngiatoen serat pesaan, tjobian heula moendoe prijsocorant.

De manier, waarop op dit oogenblik de meeste menschen in God gelooven of zich de Godheid voorstellen, is kinderlijk sprookjesachtig, immers velen stellen zich God voor, als een rechter (een persoon) rechtsprekend en over alles heerschend omringd door een schaar van Engelen, een god, voor wie de menschheid op den Jongsten dag zal moeten verschijnen. Dat't daar schittert en blinkt van goud en diamanten, die hier op aard als zeer kostbare dingen gelden, heeft nauwelijks gezegd te worden. Een faratiek godsdienstige, bestemt reeds nu immers de hel, 't vagevuur, voor de "kafirs", "ngeloovigen", "heidenen" en zoo al meer en is vol met de gedachte dat hij tot de latere oeroude (lees: zijn geloofsgenooten) behoort. Dit nu is kladderlijk.

God lasteren is dwaas: In hoeverre de intensiteit van 't woord lasteren is, kunnen we moeilijk zeggen, daar dit woord door "overdreven geloovigen" of "kinderlijk geloovigen" (volgens Felix Dahn) al te licht wordt gebezigd. Doch, hoe dan ook, U zult wel moeten toegeven en met ons eens zijn Hr. Bs, als wij zeggen, dat alleen dwazen kunnen lasteren. In dit geval te meer, waar 't gaat om 't bestaan van iets, dat men noch door wetenschappelijke middelen noch door dito theorieën niet heeft kunnen bewijzen. God loochenen is alles:

Aja samboenganana.

K A B A R

Tina s. k. Walanda. Pembontakan kaum Koeminiis tajan eureun pisan. Babakoena di Laboran (Banten). Pirang-pirang Koeminiis noe maet dibedil djeung noe ditangkep. Ajeuna noe ngaraman la-loempatan ka beulah kidoei Soldadoe djeung pelisi ngapoeng noe beroutak. Hoofdbestuur P. K. I. di Bandoeng ditangkep kabeh.

Pamarentah boga niat rek ngaboeng kabeh kapala Koeminiis ka Nieuw Guinea. Mimitina sakabeh leider di Djawa Koelon. Ajeuna keur mimiti leider-leider dipariksa.

Di Solo oge aja kariboean Koeminiis. 1 Rechercheur ditelasan. Noe ngamoek ditangkep koe militer djeung pelisi. Di Solo aja kudu 200 Koeminiis noe ditangkepau.

Pagojoeban P. E. B. priboemi alias "Djajimatoel Hasaiah" afdeling Djoka tanggal 15 December rek dibotrak lantaran kakcerangan doeit.

Tjite Tjoe Poe di Soerabaja ngiderkeun sirkoleir ngempoelkeun doeit pikeun hiji pagojoeban tapi barang dipariksa doeitna keur manehna sorangan.

Kangdjeng Radja istri di Nederland sareng Ibena mikeun 10% kroentoe ngarua ka nagara.

Tweede Kamer di Nederland narima motie Baeten. noe maksoedna soepaja Pamarentah mere toesel gadjih 50% ka ambtenaar-ambtenaar djeung goeroe-goeroe (41 moepakat 36 henteu) Motie Jan ter Laan menta soepaja rechtpositie ambtenaar geuwat-geuwat dibereskeun ditarima (41 moepakat 31 henteu).

Mr. Fock njarios ka oetoesan Aneta jen mantenna teu njawad kana biantara G. G. anjar dina njarios bade neabalikkeun deui kapertjajaanana oerang Priboemi ka Pamarentah Pamarentah bareto kapaksa teu narima motie Volksraad lantaran henteu asak.

Perkara robahan paparentahan Hindia moal keuna pangaroeh koe tjawa-

danana Proinciële Raad di Djawa Koelon. Moal koerang ambtenaar-ambtenaar noe tjoekeop pangartina pikeun noereskeun ngarobah paparentahan Hindia.

G. G. pansioen katjida moedjina ka ambtenaar-ambtenaar dina waktos noe katjida soesahna. Panoeloengna ambtenaar-ambtenaar dina waktos be-zuiniging katjida gedena. Ambtenaar-ambtenaar noe ngagasab doeit nagara teu leuwih katjida dibandingkeun djeung nagara - nagara sedjen. Katjida mantenna ngaraos prihatin tina aja kariboean Koeminiis, Pamarentah kedah katjida awasna sareng njeun atoean noe lohaga.

Kaajaan di Hindia aloes. Katjida dipikaboetoeu "ngagedean economische en politiek zelfstandigheid (kamerdikaan kaperloan hiroep djeung atoean nagara). Noe ajeuna dipoetoes di Nedriand, bisa dipoetoes di Hindia. Oge tina perkara dagang.

Katjida salahna lantaran djelema-djelema di Holland koerang kanjahona ka Hindia. Ieu kasalahan kudoer dibenerkenn sabab Hindia perloena make Walanda beuki gede bae. Mr. Fock teu panoejoe kana perdjalaran hawa (lichtverbinding) Holland-Hindia sabab saeutik noe baris dibawana.

Emir Faisal poetra Radja Ibnue Saoud di tanah Arab parautos odensi ka Radja Walanda di Loo disarengan koe Minister oeroesau loear nagara Demlugi.

Di Roeslan beulah Kidol aja pemberoutakan ka Pamarentah Soviet

Kaom Sociaal-Democrata di Zweden meunang 44 lid dina pilihan provinciale Landdagen. Kaom konserpatip meunang 324 lid, Koeminiis 14 lid liberalen 21 lid, presineh 161 lid, parte tau meunang 163 lid. Ieu ka-oentoengan Sociaal Democrat katjida gedena, lantaran lid Provinciale Landag teh milih lid-lid Eerste Kamer.

Kabar dagang.

Pasar Soerabaja 20-11-'20. Kopi f 55,50, kapoek f 79 a f 79,50, siki kapoek a f 3,60, karet sapond f 1,08 a f 1,05, beas Bangkok (Siam) f 8,25 a f 8,15 beas Saigon No. 1 f 9,50 No. 2 f 7,50, soeok f 15,50 a f 15,15, djinten teu didjoel di dieu, dibawa ka Singapore, gaplek f 4,10, kopra f 16,85 a f 17,— djagong f 1,60 a f 1,55.

(Indische Court.)

Tiloe djelema di Radjapolah ('asikmalaja) maot koe panjakit pest. Geriungna henteu lila ngan supu-sapce Beurit pest datangna ka eta tempat sigana kabawa dina karoeng beas (A. I. D.).

Langganan di Bandoeng.

Artos langganan di Bandoeng ditagihana koe djoeragan S. Prawira-amidjaja Lid, Hoofdbestuur Pasogendan, kadjabi oepami parantos diwasselkeun ka Adm. Sip. di Tasikmalaja.

BAROE TRIMA.

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel 1, Moortjes, Ameropa, Delftsche post, Sigarten Abdulla, Glysma, Felucca, Maspero Kyri-azi.

Roepa-roepa port, malaga etc. Katjamata-katjamata esak, sikkil, double Preanger Chemicalien Handel

13 TASIKMALAJA.

Schoonmakerij en Kleermakerij

"Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkeanan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkali modelna tiasa noemoetkeun sakomaha kapala, sareng diajagikeun roepi-roepi lawana.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatne-spatoe ketos oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

O. Sasmita.
N. B.
Toedoesng Panama
noedidamel tina palm f 3,—
" " " djakal f 2,50
strobil (pamoedrasna) f 0,25

Toko SOENDA

TASIKMALAJA.

Telefoon No. 56 10

Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoran 12 roepi piraksoekaneun Palmbeach anoe kabantoean koe Kapal S. S. Jan Hieterz Coen pangaos f 3,50 f elo deca kali lebar, doepi saena teu kantos dipoedji deni langkoeng oetami ninggalan koe andjeun sanaos dipoedji disae-sae oge, henteu aja goenana oepami barangna soelaja sareng pamoedji.

Topi Boni kaloearan Fabrik Dewell, noe paling sae, pangaos f 3,50 No. 54 t/m 60.

PARANTOS SAJAGI:
Boekoe Pangadjaran
„De Vier Indische Talen“
(Empat bahasa Hindia)
Belanda - Melajoe-
Soenda - Djawa.

2 Karangan
L. A. LEZER
Teu kinten saena. Seueur pisan eusina.
Pangaos f 4.—Parangkona f 0,60
Toko boekoe L. A. LEZER Tasikmalaja.

YO TEK SENG

(Toko PIRING)

TASIKMALAJA.

Telk. 70.

Per S. S. „UARDI“ dari Hamburg (Duitschiand), kita baroe trima roepa-roepa Stoples dan Winkeflies (keler tempat koewe-koewe). Sebab kita seugdja pesen Winkeflies dengan memoerost kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoeanja petja, soesa dapet gantinja, sekarang kita seugdja pesen toetoeanja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoeanja.

Pada toean toean jang soeda beli Winkeflies dari kita, kapan toetoeanja petja, bisa dapet beli dari kita dengan harga f 0,75, satoe bliji.

Kita poenja Stoples dan Winkeflies, kita tangoeng kaloearan Fabrik di Hamburg (Duitschiand).

Dr. Tan TJOEN HAIJ

ARTS

Di Kebondjokoet Zuid Bandoeng tjaket tilas boemina

Dir. Dr. SALEH Marhoem.

Waktosna:

Endjing-endjing 7 - 9

Sonten 4 - 5

Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah

damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek.

PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina T. POENG HOENKWE tjap BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng u'imat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajadi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atanapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njabi kudu sapotong AGER HOENKWE atanapi PUDDING tinangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina BOBORAN SIJAM sok raos ngaleueut anoe tiis-tiis, aja eta saroepe ijs sareng sirop, koma bae oepami nganggo TJENDOL noe didamel tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoeu rambours.

Atoeran nganggona Gratis!

Njonja Tjoa Tjoen Goan

Tjitjoeroek, Preanger.

BOEKHANDEL & UTGEVERIJ

TJIKIRAJ SOEKABOEMI,

Oerang Soekaboemi kapati-pati koe boekoe Eulis-Artjith, di Tjandjoer sareng Buudoeng galaloeudroe koe loetjoena istri pengkwoh dina boekoe Kasoet koe doeriat, sa-Pasoendan henteu aja noe teu kagembang koe Agan Permas karangan Joehana tina anel-anelna.

Boekhandel & Utgeverij 'Jikiraj Soekaboemi' ajeuna parantos ngaloearekeun deui boekoe Tjarios Pegat Toendangan noe tangtos bakal diproekproek koe panjeboet loetjoe ti sepoel-sepoel sareng soegih koe pamoedji ti para istri.

Babasan dina ieu boekoe ten kedah dipoedji deui, estoe margaloejoe ninggang dina wirahmana.

Ieu tjarios hiji kadjadian anoe ngeri pisan moeng oelah lali salem-paj lalah tjosotja.

Pangaos sadjilid tamat moeng f 1,10 djabi ti ongkos ngintoeu.

Ketoes Oedeng Makerij
HAJIM
West Pasir straat 16 Bandoeng

16

Salamina njajagikeun ketoes Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan supertos batik Tjamis Solo Banjoemas a.s.t. ngawitan pangaos f 2,25 f 2,50 f 3,— f 3,50 f 5,— sareng saterasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoes Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3,— f 3,50 f 4,— f 5,—

Tiasa nampi kengkeanan ngadamel ketoes Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoes oedeng f 2,—

1 Oedeng didamel 1 ketoes oedeng f 1,25

Model wiron tambih dina 1 Ketoes Oedeng f 0,25 Sareng njajagikeun sindjang polong geroesan kaloearan Banjaran Bandoeng pangaos f 2,50 f 3,— f 3,50 sareng f 4,— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

SIK DJOEN KWAN

TOEKANG CIGI

Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Di dieu bade diterangeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeoeng koe ahliua (loketerna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadajikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek uapas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu saaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos pilsos, poslen, toelang, perak, emas saniskanteu aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepa-los herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon pilsos, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Toko Boekoe

WEBER

DJALAN STATION No 12. TELF. No 13.

Prijscourant Anjar.

Parantos sajadi:

Barang-barang seueur sareng marirah Prijscourant kenging dipoendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.

Hoermatna

H. E. Taijlor Weber.